

### **BAB III**

## **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Panalungtikan ngeunaan kritik sosial dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De mangrupa panalungtikan kualitatif, nu ngagunakeun métode déskriptif analisis. Panalungtikan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung paripolahna nu bisa ditalungtik (Bogdan jeung Taylor dina Moleong, 2007, kc. 4).

David Wiliam (dina Moleong, 2007, kc. 5) nétélakeun nu disebut panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan ngumpulkeun data tina hiji latar alamiah, ngagunakeun métode alamiah, sarta dilakukeun ku panalungtik anu kairut sacara alamiah.

Panalungtikan kualitatif téh nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham jeung nyangkem naon-naon nu kaalaman dina panalungtikan, ku cara ngadéskripsikeun ngaliwatan kecap-kecap jeung basa, tina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun metodé alamiah.

Patali jeung pamarekan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Ratna (2004, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis nyaéta métode anu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu tujuanna pikeun nyangking unsur-unsurna, nu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis. Jadi, saméméh ngalaksanakeun tahap analisis, panalungtik diperedih pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina obyék nu rék dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analisis téh nyaéta métode nu dilaksanakeun pikeun meunangkeun pasualan-pasualan faktual, anu dituluykeun kana tahap analisis.

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung kritik sosial nu aya dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De.

Mochammad Windi Bahari, 2018

KRITIK SOSIAL DINA KUMPULAN CARPON *JERUK* KARYA LUGIENA DE : Ulukan Aspék Sosiologi Karya Sastra


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.1 *Desain Panalungtikan*

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha hal nu baris dilaksanakeun, diantarana: (1) tatahar, nyaéta nangtukeun masalah nu baris jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan; (2) ngumpulkeun data, maca naskah drama *Jeruk* katut ngumpulkeun data-data anu aya patalina jeung panalungtikan; (3) ngolah jeung napsirkeun data, nganalisis data-data nu geus kakumpul ti sababaraha sumber panalungtikan; (4) kacindekan jeung saran, nangtukeun hasil panalungtikan sarta méré saran pikeun masarakat nu jadi pamaca naskah jeung skripsi panulis ogé pikeun panalungtikan salajengna; (5) nulis laporan, ngalaporkeun hal-hal nu jadi hasil panalungtikan. Tina sakumna hal anu didéskripsikeun, panalungtik ngagambarkeun kana wangun désain panalungtikan. Anapon baganna baris di gambarkeun di handap.

#### Bagan 3.1


#### Desain panalungtikan



Mochammad Windi Bahari, 2018

KRITIK SOSIAL DINA KUMPULAN CARPON *JERUK* KARYA LUGIENA DE : Ulukan Aspék Sosiologi Karya Sastra

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu




## 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kekecapan jeung sempalan anu aya patalina jeung struktur carita carpon nu ngawengku téma jeung fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita, sarta sempalan atawa kalimah ngeunaan masalah jeung kritik sosial dina carpon “Bagéa Pangsiun”, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”, “Kéncléng”, “Kananga”, “Panto”, jeung “Jeruk”, dina buku kumpulan carpon *Jeruk*.

### 3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon nu judulna *Jeruk* karya Lugiena De. Ieu kumpulan carpon *Jeruk* téh medal bulan Nopémber taun 2016. Aya 129 kaca, ukuranana 14,5 x 20 cm, citakan anu ka-1, pedalan Asasupi Bandung nu eusina aya 13 carpon nyaéta carpon “Bagéa Pangsiun”, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”, “Kéncléng”, “Kananga”, “Panto”, “Ramo”, “Warung Kopi”, “Tandon”, “Guru Ucup”, “Di Hiji Kantor”, “Imah Kosong”, “Otong Jeung Monyé”, jeung “Jeruk”. Éta carpon-carpon téh ditulis ti taun 2011 nepi ka taun 2016. Carpon dina buku kumpulan carpon *Jeruk* téh umumna nyaritakeun kahirupan sapopoé anu lumrah,



saperti kajadian-kajadian sosial anu mindeng dipanggihan ku unggal jalma. Ieu buku kumpulan carpon téh kungsi asup tilu besar dina Hadiah Sastra Rancage taun 2017

**Gambar 3.1**  
**Buku Kumpulan Carpon Jeruk**

### **3.2.3 Biografi Pangarang**

Lugien De téh ukur sandiasma dina karangan wungkul. Da ari ngaran sabenerna mah Dea Lugiena. Gumelar di Bandung taun 1983. Namatkeun kuliah di Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda, UPI Bandung. Salila kuliah aktip di unit kagiatan mahasiswa ASAS (Arena Studi Apresiasi Sastra). Munggaran daria ngarang, boh dina basa Sunda boh dina basa Indonesia téh waktu kuliah tingkat hiji. Dimuat dina *Manglé*, *Cupumanik*, *Galura*, *Pikiran Rakyat*, *Tribun Jabar*, *Galamedia*, *Priangan* jeung sajabana.

Sawatara karanganana aya nu kungsi jadi pinunjul dina hadiah sastra LBSS taun 2005, pasanggiri karya tulis Galura taun 2005 jeung taun 2008, pasanggiri nulis sajak PPSS taun 2008, pasanggiri nulis carpon Taman Budaya taun 2007, jeung pasanggiri nulis carpon Noe'man Soemantri FPIPS UPI 2015 jeung 2016. Naskah dramana, "Rucah" jeung "Dayeuh Simpe", diilukeun jadi naskah pilihan dina Festival Drama Basa Sunda anu dialpukahan ku Téater Basa Sunda Kiwari. Ayeuna cekel gawé jadi guru basa Sunda.

## **3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data**

### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah nu paling poko (stratégis) dina hiji panalungtikan, éta hal balukar tina tujuan utama panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Tanpa mikanyaho téhnik ngumpulkeun data,

panalungtik moal bisa meunangkeun data nu nyumpunan standar data nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224)

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, data nu dianalisis nyaéta struktur carita (téma jeung fakta carita), masalah sosial jeung kritik sosial dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De.


Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan nyaéta:

- 1) maca jeung maham kana kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De;
- 2) nganalisis unsur struktur carita kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De;
- 3) nganalisis masalah sosial dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De;
- 4) nganalisis kritik sosial dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De;
- 5) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.


### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun meunangkeun jeung ngaklasifikasilkeun data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data mangrupa bahan nu kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah nu keur ditalungtik. Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013 kc. 262). Instrumén panalungtikan ogé dipaké sangkan nganalisis data bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data talaah jeung analisis karya sastra.

**Gambar 3.2**  
**Kartu Data Talaah Pustaka Struktural**



**Gambar 3.3**  
**Kartu Data Talaah Pustaka Masalah Sosial**



**Gambar3.4**

### **Kartu Data Talaah Pustaka Kritik Sosial**

<p style="text-align: center;"><b>KARTU DATA</b></p> <p style="text-align: center;">Talaah kritik sosial kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De (Cutatan kritik sosial dina kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De) (Judul/carpon/kaca/paragraf)</p>
--

**Gambar 3.5**

### **Kartu Data Analisis Struktural**

<p style="text-align: center;"><b>KARTU DATA</b></p> <p style="text-align: center;">Analisis struktur carita kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De (Cutatan struktur dina kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De) (Judul/carpon/kaca/paragraf)</p>
---

**Gambar 3.6**

### **Kartu Data Analisis Masalah Sosial**

<p style="text-align: center;"><b>KARTU DATA</b></p> <p style="text-align: center;">Analisis masalah sosial kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De (Cutatan masalah sosial dina kumpulan carpon <i>Jeruk</i> karya Lugiena De) (Judul/carpon/kaca/paragraf)</p>
--

**Gambar 3.7**

## Kartu Data Analisis Kritik Sosial

### **KARTU DATA**

Analisis kritik sosial kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De  
(Cutatan kritik sosial dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De)  
(Judul/carpon/kaca/paragraf)